



AMERICAN COLLEGE OF PHYSICIANS
INTERNAL MEDICINE | *Doctors for Adults*

News Release

**EMBARGOED FOR RELEASE UNTIL
APRIL 20, 2007, 1:30 P.M. EDT**

Kontak pou medya yo: David Kinsman, ACP
dkinsman@acponline.org oswa 202-261-4554

Allison Ewing, ACP
aewing@acponline.org oswa 215-351-2649

Pifò klinik pou medsin entèn yo ofri sèvis lang pou malad ki pa pale anglè byen

*Sondaj American College of Physicians (Asosyasyon ameriken pou Doktè)
te pibliye pandan konferans sou Medsin Entèn 2007 la*

SANNDYEGO, 20 avril 2007 - Pifò klinik ki reprezante pa medsen ki espesyalize nan maladi entèn ki gen malad ki pa pale anglè byen (ann anglè LEP) ofri sèvis lang, selon yon rapòt American College of Physicians (ACP) te pibliye jodi a sou aksè nan lang nan zafè swen medikal. “Sèvis lang pou malad ki pa pale anglè byen : Rezilta yon sondaj nasyonal yo te fè avèk doktè medsin entèn” te rapòte pifò medsen ki espesyalize nan medsin entèn yo te kesyone yo dakò li difisil pou bay malad ki pa pale anglè byen (LEP) swen lè sèvis lang pa disponib.

Pou detèmine si klinik medsin entèn yo ki se manm American College of Physicians ofri sèvis lang epi pou asire meyè kominikasyon avèk malad yo ki pa pale anglè byen (LEP), ACP a te dirije yon sondaj avèk manm li yo nan fen ane 2006 la. Etid sa a te posib grasa yon sibvansyon National Health Law Program (NHLP) lan te fè avèk fon The California Endowment lan te bay.

Selon U.S. Census Bureau (Biwo Resansman peyi Etazini), senkannde milyon moun – 19,4 pousan popilasyon ameriken an – pale yon lòt lang nan kay la apade anglè. Pami moun sa yo, 44,6 pousan pale anglè “mwens pase trè byen.” Yo estime kantite moun ki pa pale anglè byen (LEP) balanse ant 11 milyon a 21 milyon moun.

--plis--

“Prèske detyè medsen ki espesyalize nan maladi entèn rapòte yo gen malad aktif ki pa pale anglè byen (LEP),” selon remak prezidan ACP a, Lynne M. Kirk, MD, FACP te fè. “An mwayèn, malad ki pa pale anglè byen yo enkli 12 pousan malad aktif nan klinik medsen ki espesyalize nan maladi entèn ki manm ACP. Doktè yo rankontre jan de malad sa yo ase souvan.”

Neyanmwens, klinik medikal yo tipikman pa gen yon pwosesis fòmèl pou trake done sou lang natif natal malad yo epi klinik ki fè sa apiye yo prensipalman sou dosye sou papyè. Malad sa yo genyen plis difikilte pou yo konprann enfòmasyon medikal fondamantal yo epi jeneralman yo oblije pase plis tan nan klinik la lè y al kay doktè.

Sepandan, sèvis lang yo limite epi tipikman se yon doktè oswa yon pèsonèl ki pale menm lang ak malad la ki ofri sèvis lang sa a. Neyanmwens, se klinik doktè a ki peye pou prèske tout depans pou sèvis sa a. Pa gen anpil klinik ki itilize lòt ajans pou sèvis lang oswa ki ofri sèvis sa yo lè klinik la fèmen.

Selon sa ACP te jwenn, se kèk grenn doktè sèlman ki disène gen yon bezwen pou zouti oswa fòmasyon pou ede klinik yo ofri sèvis lang. Yon ajans pou ofri sèvis tradiksyon dokiman ak materyèl pou edikasyon malad yo ta itil, men mwayen ki ta pi efikas pou elaji itilizasyon sèvis lang se lè yo ranbouse pou depans siplemantè pou tan malad la pase nan klinik la ak sèvis lang la okazyone.

Rapò sou rezilta sondaj la te konkli avèk twa rekòmandasyon :

- Sèvis lang dwe disponib pou amelyore fason yo bay swen medikal pou malad ki pa pale anglè byen (LEP).
- Medicare dwe ranbouse klinisyen yo dirèkteman pou depans siplemantè yo okazyone pou sèvis lang ansanm ak tan siplemantè ki nesèsè pou bay malad ki pa pale anglè byen (LEP) swen yo bezwen.
- Yo ta dwe etabli yon ajans nasyonal pou ofri sèvis tradiksyon dokiman ak materyèl pou edikasyon malad yo.

--plis--

Board of Regents American College of Physicians lan te apwouve atik ki te rezime rezilta sondaj sou aksè nan lang la nan kòmansman semèn nan. Ou ka jwenn li sou entènèt la nan : www.acponline.org ak nan www.healthlaw.org/.

Kominike laprès sa a disponib nan lang : Arab, amenyen, chinwa, pès, fransè, grèk, kreyòl ayisyen, italyen, koreyen, polonè, pòtigè, ris, panyòl, tagalòg ak vyetnamyen.

American College of Physicians (ACP), ki se òganizasyon pwofesyonèl prensipal pou medsin entèn, ap òganize reyinyon syantifik anyèl li a, Medsin Entèn 2007, nan Sanndyego, 19-21 avril. Y ap tann pou resevwa plis pase 6 000 medsen ki espesyalize nan maladi entèn, elèv ki nan fakilte medsin, ansanm ak lòt pwofesyonèl swen medikal. Medsin Entèn 2007 se pi gwo reyinyon fòmasyon kontinyèl pou medsen ki espesyalize nan maladi entèn, ki espesyalize nan prevansyon, deteksyon ak tretman maladi nan granmoun. Doktè medsin entèn yo bay swen pou ni maladi ki pa dire lontan, ni maladi kwonik. Plis pase mwatye nan adilt nan peyi a konsidere yon doktè ki espesyalize nan maladi entèn kòm doktè swen primè yo.

American College of Physicians (www.acponline.org) se pi gwo òganizasyon espesyalite medikal epi li se dezyèm gwoup medsen ki pi gwo Ozetazini. Manm ACP yo enkli 120 000 doktè ki pratike medsin entèn, sou-espesyalis ak elèv ki nan fakilte medsin. ACP ap travay pou l favorize ekselans ak pwofesyonnalism nan pratik lamedsin pou l ka amelyore kalite ak efikasite swen medikal.

###